



Haitian Creole Edition
Grade 6 Mathematics Test, Book 2
May 5–7, 2010

Pwogram Egzamen Eta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **6**

5–7 me 2010

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

26

Ki valè n nan ekwasyon anba a?

$$66 + n = 226$$


Montre travay ou.

Repons _____

Kontinye

27

Dyagram anba a montre yon bwat ki nan yon depo. Bwat la gen fòm yon prism rektangilè.



[pa trase selon echèl la]

Ki **volim** bwat la, an pye kib?

$$V = lwh$$

Montre travay ou.

Repons _____ pye kib

28


Rapò ant kantite fig ak kantite pòm nan yon bak fwi se 3:5. Moe deklare rapò a ekivalan ak 12:25. Nan espas anba a, sèvi ak mo, nimewo, oswa senbòl pou montre pouki deklarasyon Moe a pa kòrèk.

Asire ou bay yon rapò ki ekivalan ak 3:5 nan repons ou a.

Kontinye

29

Matthew gen entansyon make pwen A nan (2, 3).



Make **epi** mete etikèt sou pwen A sou plan koòdone a avèk koòdone Matthew yo.

Sou liy anba yo, eksplike fason ou te jwenn ki kote pou mete koòdone yo.

30

Patty gen 123 CD nan koleksyon mizik li a. Nan 123 CD yo, 27 ladan yo se mizik kanpay.

Estime pousantaj CD Patty yo ki se CD mizik country.

Estimasyon _____ %

Sou liy anba yo, eksplike fason ou te detèmine estimasyon w lan.

Kontinye

31

Nan yon boulanjri, yap vann 16 pake pen anbègè. Boulanje a mete 8 pen anbègè nan chak pake. Li sèvi ak ekwasyon anba a pou kalkile kantite total pen anbègè, b , ki pou vann.

$$\frac{b}{8} = 16$$

Ki kantite total pen anbègè yap vann nan boulanjri a?

Montre travay ou.

Repons _____ pen anbègè

32

Tanperati nan Buffalo, New York, yon samdi te 68°F. Lendi apre a, tanperati a te 80°F. Ekri yon ekwasyon ki montre chanjman nan tanperati a lè x reprezante kantite degre tanperati a ogmante.

Ekwasyon _____

De konbyen degre tanperati a ogmante?

Montre travay ou.

Repons _____ degre

Kontinye

33

Ki fraksyon yo ka itilize pou kreye yon pwopòsyon avèk $\frac{4}{12}$?

Repons $\frac{4}{12} =$ _____

Sou liy anba yo, eksplike fason ou te jwenn repons ou.

Tablo anba a montre pri sandwich diferan.

MENI SANDWITCH

| Bagay | Pri |
|--------------------|--------|
| Ti sandwich ton | \$6,00 |
| Ti sandwich poulè | \$6,50 |
| Gwo sandwich ton | \$7,00 |
| Gwo sandwich poulè | \$8,00 |

Leota kòmande 3 ti sandwich ton ak 3 gwo sandwich poulè. Ki montan total Leota pral peye pou sandwich li kòmande yo?


Repons \$ _____




























Nan espas anba a, montre kouman Leota ka sèvi ak pwopriyete **distribitif** pou kalkile montan total la.

Kontinye

Piktogram anba a montre kantite pyebwa yap vann nan senk pepinyè diferan.

PYEBWA POU VANN

| LEJANN |
|--|
|  = 4 pyebwa |

| Pepinyè Plant | Kantite Pyebwa |
|---------------|--|
| Wilson |      |
| Bryant |        |
| Klein |        |
| Randolph |     |
| Smiley |     |

Konbyen pyebwa yap vann nan pepinyè Wilson lan?

Repons _____ pyebwa

Ki kantite total pyebwa yap vann nan pepinyè Bryant, pepinyè Klein, ak pepinyè Smiley?

Montre travay ou.

Repons _____ pyebwa

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 6
Egzamen Matematik
Liv 2
5–7 me 2010

Grade 6
Mathematics Test
Book 2
May 5–7, 2010

The McGraw-Hill Companies
